

## Biwo Defans Dwa Kontribiyab


Biwo Defans Dwa Kontribiyab (Office of the Taxpayer Rights Advocate) se vwa ou nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance).

Avoka a bay èd gratis ak endepandan pou kontribiyab:

- ki pa t kapab rezoud pwoblèm taks difisil yo, oswa
- ki gen pwoblèm taks ki lakòz difikilte ekonomik egzajere.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ale sou sitwèb [www.tax.ny.gov/tra](http://www.tax.ny.gov/tra)
- Rele nimewo (518) 530-HELP (4357)



## Sitiyasyon ranbousman taks

Fason ki pi fasil ak pi rapid pou tcheke ranbousman taks ou se sou Sitwèb nou.

Ou kapab rele nimewo (518) 457-5149 tou.

## Enfòmasyon jeneral

### Sou entènèt

Fason ki pi fasil pou jwenn repons pou kesyon sou taks ou se sou Sitwèb nou an.

### Nan telefòn

Itilize nimewo telefòn sa yo pou pale avèk yon reprezantan depatman an sou kesyon espesyal sou taks.

- Taks sou lavant ak itilizasyon (518) 485-2889
- Taks sou revni (518) 457-5181
- Taks sosyete (518) 485-6027
- Dediksyon taks (518) 485-6654
- Taks pou Itilizasyon Otowout (Highway use tax, HUT) ak Akò Entènasyonal pou Taks sou Konbistib (International Fuel Tax Agreement, IFTA) (518) 457-5735
- Taks divès ak lòt taks (518) 457-5735



Department of  
Taxation and Finance

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Sitwèb nou:

[www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov)



Department of  
Taxation and Finance

Chwa ki bon pou ou pou jere

# Biznis Taks nan Eta New York




## Jwenn fòm ak eksplikasyon yo

### sou Entènèt

Pifò fòm ak Depatman Taks ak eksplikasyon yo disponib sou Sitwèb nou.

### Nan telefòn

Rele nimewo (518) 457-5431



## Ranpli yon fòm deklarasyon taks sou revni

Ou kapab ranpli pifò fòm deklarasyon taks sou revni yo sou fòm elektwonik:

- dirèkteman sou Sitwèb nou,
- depi ou itilize lojisyèl la, oswa
- yon moun ki prepare taks fè sa pou ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Sitwèb nou.

## Reponn yon bòdwo oswa avi taks

### Sou entènèt

- Ale sou Sitwèb nou, konekte sou nan *Sèvis sou Entènèt* epi klike sou “Respond to a Department Notice.”
- W ap bezwen gen yon kont *Sèvis sou Entènèt* pou reponn yon avi taks sou Entènèt. Li fasil pou kreye youn.

### Nan telefòn

- Biznis yo ap rele nimewo (518) 485-0384
- Moun yo ap rele nimewo (518) 485-9791

### Pa lapòs\*

Voye eksplikasyon ou nan adrès:  
NYS ASSESSMENT RECEIVABLES  
PO BOX 4128  
BINGHAMTON NY 13902-4128

## Peye yon bòdwo taks

### sou Entènèt

- Ale sou sitwèb nou epi klike sou *Make a Payment (Fè yon Peman)*.
- W ap bezwen gen yon *Sèvis Entènèt* pou peye bòdwo taks yo sou entènèt. Li fasil pou kreye youn.
- Ou kapab peye avèk kat kredi ou oswa dirèkteman nan kont labank ou.

### Nan telefòn

- Rele nimewo (518) 457-5434

### Pa lapòs\*

- Fè chèk ou oswa chèk postal (money order) ou an dola ameriken sou non *Commissioner of Taxation and Finance*.
- Mete avi kotizasyon taks ou oswa nimewo ID dosye ou ak nimewo ID kontribiyab ou sou chèk ou.
- Voye li nan adrès:  
NYS ASSESSMENT RECEIVABLES  
PO BOX 4127  
BINGHAMTON NY 13902-4127

## Akò pou peman an vèsman

Si ou pa kapab peye tout dèt taks ou, ou kapab kreye yon plan peman.

Itilize kont *Sèvis sou Entènèt* ou oswa rele nou nan nimewo (518) 457-5434 pou jwenn plis enfòmasyon.



TR-24-HAI (8/15) (lèt bò a)

## Dechaj fiskal

- Dechaj fiskal sosyete (518) 485-2639
- Dechaj pou taks pou itilizasyon otowout (HUT) (518) 457-5735
- Tout lòt dechaj yo (518) 457-5434

## Sèvis taks sou byen imobilye

Pou jwenn plis enfòmasyon sou taks kay ou ak sou estimasyon taks kay ou, rele nimewo (518) 591-5232.



## Taks sou Lavant Sètifika Otorizasyon

Si w ap kòmanse yon biznis epi si ou pral vann atik oswa si ou pral ofri sèvis ki taksab (menmsi ou fè lavant lan lakay ou), ou dwe anrejistre nan Depatman Taks pou jwenn yon Sètifika Otorizasyon [Certificate of Authority (COA)] anvan ou fè biznis lan. Pou anrejistre:

- ale sou sitwèb nou
- klike sou *Businesses (Biznis)* epi answit klike sou *Start/expand/end (Kòmanse/agrandi/fini) yon biznis*

Pou kesyon sou COA ou oswa pou jwenn diplikata sètifika oswa sètifika ranplasman, rele nimewo (518) 485-2889.

\* **Sèvis livrezon prive** – Gade Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive ki Deziyen*, si ou p ap itilize Sèvis Lapòs Etazini.